



N ap chèche nouvo manm  
1 Out — 31 Out 2023

# Enskri nan Komite Konsèy pou Fami!

Ansanm, N ap Kreye Chanjman pou Timoun ak Fanmi yo

## Ki sa Komite Konsèy pou Fanmi an (FAC ann anglè) ye?

Pwojè ki rele “Transfòm Swen Pedyatrik pou Timoun Piti nan Massachusetts” la (TMPEC ann anglè) ki fè pati Depatman Sante Piblik Massachusetts la ap chèche manm fanmi ki gen timoun ki fèk fèt pou rive nan 8 an, pou yo ka enskri nan Komite Konsèy pou Fanmi an!

Pwojè TMPEC la travay pou l asire tout timoun ak fanmi nan Massachusetts jwenn swen wo nivo avèk respè nan men biwo pedyat yo a. Nou kwè tout timoun dwe jwenn swen pedyatrik ki favorize byennèt yo e ki onore pwèn fò, kilti, ak objektif pou lavni fanmi yo genyen.

## Poukisa pou w enskri nan Komite Konsèy pou Fanmi an (FAC)?

- **Kreye chanjman:** Konpetans ou ak eksperyans ou pral ede yo detèmine ki fason y ap bay fanmi timoun piti swen sante, yon fason pou asire yo konble bezwen yo.
- **Fasilite Lòt Moun:** Enspire e sipòte paran ak responsab parèy ou yo lè w pataje konpetans ou, konesans ou, ak pwennvi w.
- **Branche e Kolabore ak Lòt Moun:** Kreye bonjan lyen avèk lòt paran, responsab, ak lidè nan kominote a ki detèmine pou yo amelyore byennèt timoun yo ak fanmi yo.

## Konbyen Tan w ap Bezwen Bay

Gen reyinyon chak mwa ki dire 1 èdtan, epi gen okazyon pou w patisipe nan lòt pwojè si w enterese. Tout manm Komite Konsèy pou Fanmi yo pral jwenn rekonpans pou patisipasyon yo ak lòt aktivite yo fè.

Si w gen kesyon, mete w alèz pou w kontakte Eve Wilder nan [Eve.Wilder@mass.gov](mailto:Eve.Wilder@mass.gov)

Enskri isit:  
<https://forms.office.com/g/ZqbbiD8MKc>

